

ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКАЯ ГАЗЕТА ИТУМ-КАЛИНСКОГО МУНИЦИПАЛЬНОГО РАЙОНА

№ 14 (357), 24 апреля 2020г.

Ведучи

Свободная цена

НР-н Куьйгалхочун Кадыров Рамзанан Нохчийн меттан денца доьзна декъалдар

Нохчийн меттан де рузманан деношна а, вайн республикерчу хиламашна а юкъахь шатайпа къаьсттина, уггаре а мехалчарах, сийлахьчарах деза де ду. Ненан мотт боцуш хуьлийла дац я нохчийн халкъ а, я цуьнан истори а, шатайпаналла а, культура а.

Ненан шурица вайх дIаийна нохчийн мотт, цундела, ненан маттахь дечу къамелаца йолу юкъаметтигаш вайн нене йолу ойланаш санна лара мегар ду. Ненан мотт боцуш хуьлийла дац шен лаьтте, халкъе, дайн махке болу безам.

Нохчийн Республикин хьалхарчу Президента, Россин Турпалхочо Кадыров Ахьмад-Хьаьжас хьалхарчу метте хIоттадора нохчийн мотт, йоза Iалашдар, кхиор оьшуш хилар. Масех маттахь шерра къамел дан хууш хиллехь а, цо даима а коьрта лорура нохчийн маттахь къамел.

Ахьмад-Хьаьжина Iаламат дика бевзара ненан мотт, безара иза, тхан берриге а доьзале и безам схьа а белира. Со даима а цецвохура муьлххачу а стага къамел дечу хенахь ша цхьаъ бен нийса боцу, вовшашна тIеэца бегIийла болу сацам тIеэцарна гIо деш долу дешнаш цунна карош хиларо. Цунах боллу нохчийн меттан ницкъ.

Республикина уггаре а хала еъначу хенахь Ахьмад-Хьаьжас жигара гIолоцура мотт толлуш болчарна, яздархошна, нохчийн мотт бовзуьйтуш а, кхиош а болчарна массарна а.

Цуьнан тIедилларца дIадолийра Соьлжа-ГIалахь газеташ, журналаш, книгаш арахецар, ненан маттахь телепередачаш, радиопрограммаш дIаяхьар.

Тахана вай дIакхоьхьу Ахьмад-Хьаьжас болийна некъ, нохчийн мотт Iалашбарехь, кхидIа а кхиорехь керлачу кхиамашка кхочу. Вай къаьсттина боккха тидам тIебохуьйту кегийрхой синъоьздангаллин ойланехь кхетошкхиорна, къоман культура чIагIъярна, кхиорна.

Ламасталлин хилла дIахIиттина ненан мотт Iалашбарна тIехьажийна республикехь дIахьош йолу конкурсаш, фестивалаш, конференцеш, форумаш. Вайн халкъана шатайпа билгало (символ), хьал, дозалла хилла дIахIоьттина нохчийн мотт.

Шен мотт ларамца ларбар, иза Iалашбар, кхиор сийлахь декхар лору хIора а нохчичо.

Лараме махкахой! Даггара декъалдо шу дезачу денца! Шун ирс, могашалла, токхе хьал, ненан матте доза доцу безам хуьлийла лаьа суна!

СагIадаккхар



Хууш ма-хиллара, бекарг (март) беттан 17-чу дийнахь дуьйна, республикин Куьйгалхочун тIедилларца, вайн махкахь дIадоладелира хIора а вахархо юкъараллех дIакъастаран (самоизоляцин) гIуллакх. Цуьнан Iалашо яра дуьненчохь доладеллачу «коронавирус» ун-балех вайн халкъ лардан.

Мелла а кIезиг дараш долуш вай цу ун-балех кIелхьара дахархьама, республикин Куьйгалло кхочушден гIуллакхаш девзаш ду массарна а. КIезигчух дац вайн хьалхарчу Президентан, Россин Турпалхочун Кадыров Ахьмад-Хьаьжин цIарахьчу Регионални Юкъараллин фондо дийриг а. Цуьнан тергамза ца буьсу Iер-дахаран хьал ледара долу доьзалш а, заьIапнах а, бобераш а. Иштта 1600 сурсатийн тIоьрмиг – котаман жижиг а, нехча а, мерзалгаш а, бепиг а чохь долуш, сагIа кхечира Итон-Кхаьлла кIошта а. КIоштарчу волонтерийн гIоьнца и сагIа хIора а юьртахь дIасадийкъийра. Цхьа а шеко йоцуш, вайн махкахошна девза, муьлхха а ун-бала тIехIоттарх, шаьш цхьалха цахилар. Итон-Кхаьллан кIоштарчу бахархойн а, шен а цIарах районан администрацин куьйгалхочо Алхастов Мовсара доккха баркалла элира республикин Куьйгалхочунна Кадыров Рамзанна а, фондан куьйгалхочунна Кадырова Айманина а.

Дала сагIа къобалдойла. Дала диканца бекхам бойла!

Сийлахь Рамадан тIебарца Р.Кадыровн декъалдар

Нохчийн Республикин Куьйгалхочо декъалбира бусалбанаш кхушеран фарз мархийн бутт – сийлахь Рамадан тIебарца.

«ХIара бутт вайн динан чIагIо, вайн дегнийн къинхетам, ойланийн цIеналла, гIуллакхийн дикалла билгалдоккху бутт бу. Вайн къиношна дохковдовлар, царна гечдар дехаран, дегнаш, ойланаш цIанъяран хан ю хIара.

Миллионаша бусалба адамаша дакхийдерца лоцу хIара мархийн бутт.

Цара сатуьйсу, Веза Воккхачу Дала шайн ламазашна, доIанашна жоп даларе, Шен къинхетам Цо вайх бийриг хиларе.

Вай доьху АллахIе, кху Сийлахьчу баттахь вайн дегнаш комаршонна, сагIийна, къинхетамна, вовшашна къинтIера довларна, дерриге а дикачунна схьаделлар. Иштта вай доьху АллахIе вайн махкахь – Нохчийчохь а, ерриге а Россехь а машар кхиийтар а, вайна тIебоьссинчу «коронавирус» ун-балех вайн гергарниш, бевзабезарш, дерриге а халкъ могашаллица, аьттонца хьалхадовлар а.

Аса даггара декъалдо нохчийн халкъ а, вайн республикин а, ерриге Россин а бусалбанаш а Делан Элчанан (I.с.в.) Уммат а хIара мархийн Сийлахь Рамадан бутт тIебарца! Лаьа шу дерриш а могаш-маьрша а долуш, Къуръанан Суннатан тIедахкарш кхочушдеш аша хIара бутт лорийла! АллахI Делан доза доцу Къинхетам хуьлда вайх массарах а!», – аьлла яздина цо шен социальни зIенерчу агIонна тIехь.

Нохчийн Республикин Куьйгалхочун а, Правительствон а пресс-служба

Нохчийн меттан Денца декъалдар

Лераме Ахьмад-Хьаьжин Рамзан, хьоме махкахой!

Ас даггара декъалдо шу таханлерачу дезачу, Нохчийн Меттан Денца!

Кху шарахь кхойтта шо кхечи, ши эзар ворхIалгIачу шарахь Нохчийн мехкан Куьйгалхочо, Россин Турпалхо волчу Ахьмад-Хьаьжин Рамзана ши бIе ворхIалгIачу лоьмарца Указ даьккхина, нохчийн меттан Де билгалдоккхуш. Шен мохк а, мотт а, халкъ а дезаш хилар гойту цо.

Мотт кхиорехь, Iалашбарехь цо беш болу болх вайна массарна а гуш бу. Вайн Куьйгалхо санна, шен ненан мотт бийцар дозалла хеташ хила веза вайх хIора а. Кхечу къаьмнийн мотт хаар дика ду, амма ненан мотт дIа а тесна кхечу къаьмнийн мотт Iамо гIертарг тилавелла ву.

Мотт бицбар я ларцабар бахьана долуш дуьненчохь цкъа а ца хилча санна, дайна къаьмнаш ду. Нохчийн мотт безар, Iалашбар, баржор, марзбар, бовзийтар вайн массеран а декхар ду. Дала цу тIехь аьтто бойла вайн.

Дала мукъ лахь, нохчийн мотт лар а беш, вайн Даймохк а безаш, вайн Паччахьан гIоьнчий хилла ирсе дехар ду вай. Дала тIаьхье беркате йойла!

АЛХАСТОВ Мовсар
Итон-Кхаьллан кIоштан администрацин куьйгалхо

Сийлахь Рамадан – мархийн бутт тIекхочуш,

Нохчийчохь ерриге а кIошташкахь санна, лаьмнийн Итон-Кхаьллахь а буьйда сагIа даьккхира вайн хьалхарчу Президентан, Россин Турпалхочун Кадыров Ахьмад-Хьаьжин (Дала гIазот къобалдойла цуьнан) цIарахчу Регионални Юкъараллин фондо. Таро кIезиг йолчу ламанхойн доьзалшна дIакхачийта, кхузахь 7 бежанан жижиг дIадийкъира. Хьалхара марха лоцучу буьйсанна, вайн кIоштарчу 917 доьзалан таро хилира цунах пхьор дан. Цу хьоькъехь кIоштан администрацин куьйгалхочо Алхастов Мовсара элира:

– Вайн махкахочо Кадырова Айманис куьйгалла деш йолу Нохчийчоьнан хьалхарчу Президентан, Россин Турпалхочун Кадыров Ахьмад-Хьаьжин цIарахь йолу Регионални Юкъараллин фонд вайн махкахь евзина Iаш яц. Цуьнан комаьрша куьг ца кхочуш, кху дуьненахь наггахь а мохк бисина бац. Иза дика евза Шемахь, Бирмехь, Иранехь, Иракехь, Урдунехь иштта кхидолчу Малхбален пачхьалкхашкахь а, Къилбаседа Кавказана республикашкахь а, Россин регионашкахь.

Ала деза, вайн кIоштара бахархой фондан билгаллчу тергамехь хиларх а. Церан а, сайн а цIарах аса доккха баркалла боху республикин Куьйгалхочунна Кадыров Рамзанна а, мехкан нанна Кадырова Айманина а. Дела реза хуьлда шуна, Дала къобалдойла аша мел доккху сагIа!

Б.ЧАПАЕВ

НР-н Куьйгалхочун Кадыров Рамзанан «Даймохк» газетан 97 шо кхачарца доьзна декъалдар

Барам боцуш йоккха хазна юкъайиллина газето нохчийн хьалбахам, ламасташ, истори, литература, ненан мотт, Iилма, культура кхиорна. Нохчийн сийлахьчу къонахаша – Эльдарханов Таьштамира, Арсанов СаIидбейс, Ошаев Халида, Мамакаев Мохьмада, Музаев Нурдис, Муталибов Зайндис, Нашхоев Руслана, Кусаев Iадиза, Габисов Бийсолтас, Кагерманов Доккас, Магомаев Салавдис, Магомаев Ширванис, Абдулаев Лечас, дуккха а, дуккха а кхиболчара – доккха дакъалаьцна газетан дахарехь, лаккхарчу тIегIанехь иза латторехь.

Тахана «Даймохк» газето Нохчийн Республикин хьалхарчу Президентан, Россин Турпалхочун Кадыров Ахьмад-Хьаьжин некъа тIехь доггах къахьоьгу.

Мехкан дахар ма-дарра гойтуш, амма 97 шо хьалха ша некъ бан доладелчахьана шен коьртачу ламастана – къоман синъоьздангаллин кхерч хилла латтарна – юьстах а ца таьIаш схьадогIу газет, шен коьртехь Нохчийн Республикин хьакъволу журналист, поэт, Нохчийн Республикин Юкъараллин палатин декъашхо Шамсудинов Бувайсар а волуш.

Массо хенахь Нохчийчохь долу дахар тергалдеш, шайн аьтто моссазза бели, Даймахка цIа а богIуш, амма «Даймохк» газетан хIора а лоьмар цуьнан интернетерчу сайта тIехь ларъеш, йоьшуш, хIокху махкахь хуьлучу дикачу хийцамех баккхийбеш Iаш бу Делан рицкъанаша Хонкара, Шема, Иордане бигна, цигахь бехаш болу нохчий.

Доьналлех ца бухуш, нохчийн мотт, къоман ламасташ, гIиллакхоьздангалла лардеш, кIорггера бусалба дин Iамош, даггара и лелош бехаш болчу царна а доккха хазахетар ду газет арадолу 97 кхачар.

«Даймохк» газетан белхахой а, дерриге нохчийн халкъ а декъалдо ас цуьнан 97 шо кхачарца! ХIинццалц а санна, мехкан а, къоман а дуьхьа хьанал къахьега Дала ницкъ, доьналла, хаарш, могашалла ма иэшайойла шуна!

«Даймохк» газет №32, оханан (апрель) беттан 24 де, 2020 шо



Сорок шестое очередное заседание Совета депутатов Итум-Калинского муниципального района Чеченской Республики третьего созыва

РЕШЕНИЕ

от 27 марта 2020 г. № 11 с. Итум-Кали

Об утверждении перечня информации о деятельности органов местного самоуправления Итум-Калинского муниципального района размещаемой в сети «Интернет»

Во исполнение Федерального закона от 09.02.2009 № 8-ФЗ «Об обеспечении доступа к информации о деятельности государственных органов и органов местного самоуправления» Совет депутатов Итум-Калинского муниципального района третьего созыва

РЕШИЛ:

1. Утвердить согласно приложению Перечень информации о деятельности органов местного самоуправления Итум-Калинского муниципального района, размещаемой в сети «Интернет».
2. Администрациям муниципальных образований Итум-Калинского муниципального района обеспечить:
- размещение в информационно-телекоммуникационных сетях «Интернет» информацию о деятельности органов местного самоуправления в соответствии с перечнем, утвержденным настоящим решением;
3. Определить лиц, ответственных за предоставление информации о деятельности органов местного самоуправления в 10-дневный срок после принятия решения.
4. Опубликовать настоящее Решение в районной газете «Ведучи» и разместить на официальном Интернет-сайте Итум-Калинского муниципального района.
5. Настоящее решение вступает в силу с момента его официального опубликования.

Х.А. ЗУЛАЕВ
Глава Итум-Калинского муниципального района

Сорок шестое очередное заседание Совета депутатов Итум-Калинского муниципального района Чеченской Республики третьего созыва

РЕШЕНИЕ

от 27 марта 2020 г. №12 с. Итум-Кали

Об утверждении Правил благоустройства территории Итум-Калинского муниципального района Чеченской Республики

Руководствуясь Федеральным законом «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации» от 06.10.2003 №131-ФЗ, ст. 5.1., 28 Градостроительного кодекса Российской Федерации, приказом Министерства строительства и жилищно-коммунального хозяйства Российской Федерации от 13.04.2017 г. № 711/пр «Об утверждении методических рекомендаций для подготовки правил благоустройства территорий поселений, городских округов, внутригородских районов» Совет депутатов Итум-Калинского муниципального района третьего созыва

РЕШИЛ:

1. Утвердить Правила благоустройства территории Итум-Калинского муниципального района Чеченской Республики
2. Опубликовать (обнародовать) настоящее Решение в Итум-Калинской районной газете «Ведучи» и разместить на официальном сайте администрации Итум-Калинского муниципального района в сети «Интернет» (http://www.itumkali.com).
3. Настоящее решение вступает в силу со дня его подписания.

Х.А. ЗУЛАЕВ
Глава Итум-Калинского муниципального района

Сорок шестое очередное заседание Совета депутатов Итум-Калинского муниципального района Чеченской Республикитретьего созыва

РЕШЕНИЕ

от 27 марта 2020 г. №13 с. Итум-Кали

Отчет о ходе реализации документов Стратегического планирования Итум-Калинского муниципального района за 2019 год

В соответствии с Федеральным законом Российской Федерации от 06.10.2003г. № 131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации» и Уставом Итум-Калинского муниципального района, Совет депутатов Итум-Калинского муниципального района Чеченской Республики третьего созыва

РЕШИЛ:

1.Принять к сведению отчет о ходе реализации документов Стратегического планирования Итум-Калинского муниципального района Чеченской Республики за 2019 год. (прилагается)
2.Опубликовать настоящее Решение в районной газете «Ведучи» и разместить на официальном Интернет-сайте Итум-Калинского муниципального района.
3.Настоящее Решение вступает силу со дня его принятия.

Х.А. ЗУЛАЕВ
Глава Итум-Калинского муниципального района

Сорок шестое очередное заседание Совета депутатов Итум-Калинского муниципального района Чеченской Республики третьего созыва

РЕШЕНИЕ

от 27 марта 2020 г. № 14 с. Итум-Кали

О досрочном прекращении полномочий депутата Совета депутатов Итум-Калинского муниципального района

В соответствии с Федеральным законом от 6 октября 2003 года № 131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации» и законом Чеченской Республики от 24 мая 2010 года № 11-рз «О местном самоуправлении в Чеченской Республике», руководствуясь со статьей 37 Устава Итум-Калинского муниципального района, на основании заявления депутата Совета депутатов Имадаева Султана Юсуповича, Совет депутатов Итум-Калинского муниципального района третьего созыва

РЕШИЛ:

1.Прекратить досрочно полномочия депутата Совета депутатов Итум-Калинского муниципального района третьего созыва Имадаева Султана Юсуповича, избранного в составе списка кандидатов в депутаты Совета депутатов третьего созыва от Чеченского регионального отделения Всероссийской Политической Партии «Единая Россия» в связи с отставкой по собственному желанию.
2. Направить настоящее Решение в территориальную избирательную комиссию Итум-Калинского района и Чеченское региональное отделение Всероссийской Политической Партии «Единая Россия».
3.Настоящее Решение подлежит опубликованию в газете «Ведучи» и размещению на официальном Интернет-сайте администрации Итум-Калинского муниципального района.
4.Настоящее Решение вступает в силу со дня его подписания.

Х.А. ЗУЛАЕВ
Глава Итум-Калинского муниципального района

Полный текст Решений №7-14 от 27.03.2020 и Приложений к ним размещены на официальном Интернет-сайте администрации Итум-Калинского муниципального района.

Нохчийн меттан денна

ТIаккха мотт бехар бу

Тайп-тайпана хуьлу деза денош: хьехархойн, лоьрийн, геологийн, студентийн, прокурорийн, баккхийчу нехан, берийн, иштта кхин а, кхин а. Хьенан дезде ду Нохчийн меттан де? И хьан а, сан а, вайн массеран а дезде ду: хIинцца аганара гIаьттинчу беран а, бIешаре ваьллачу къаночун а, артистан а, латталелорхочун а, министран а, могIарерчу белхахочун а, жаIуьнан а, яздархочун а – ша нохчи хеташ, нохчийн мотт буьйцуш волчу хIора стеган а, дуьненан муьлххачу маьIехь и вехаш хиларх башха а доцуш. Дерриге а къоман юкъара хазна, къам къам хиларан коьртачу билгалонех цхьаъ ю нохчийн мотт. Шен бийца мотт боцуш къам хуьлийла дац. Къийса йиш йоцуш, дахаран бакъдерг ду иза. Шайн мотт ларцабарна дуьненара дIадевлла дукха къаьмнаш ду. Цундела мотт ларбар, къоман коьрта хьашт ду. Цундела веза а, сийлахь а ву къоман мотт ларбарехь, баржорехь, марзбарехь, Iаморехь кIезиг-дукха дакъа мел дерг. Тахана оцу сийлаллин дакъа кхочу оханан (апрель) беттан 25-гIа де – Нохчийн меттан де ду, аьлла, дIакхайкхийначу Нохчийн Республикин Куьйгалхочунна Кадыров Рамзанна а. «Нохчийн Республикехь меттанийн хьокъехь» Нохчийн Республикин Закон, куьг яздеш, чIагIдарца а, Нохчийн меттан де кхайкхорца а республикин куьйгалло гайтина маттаца йолу шен юкъаметтиг – и бийца беза, ларбан беза, пачхьалкхан мотт бина, лело беза. Лакхахь хьахийна Закон дуьззина кхочушдаро а (и иштта хирг хиларх теша лаьа), Нохчийн меттан де дерриге а къоман дезде даро а, цхьа а шеко йоцуш, доккха маьIна лелор ду нохчийн меттан кхане хилийтарехь а, цуьнан сий-ларам айарехь а. Меттан хьал деборна, и ларбарна, йозанан мотт кхиорна юкъа уггаре а йоккха хазна юьллучарех бу нохчийн яздархой. Баркаллица дагалаца хьакъ ду тахана нохчийн исбаьхьаллин литературин юьхь йолош къахьегна Нажаев Ахьмад, Дудаев Iабди, Сальмурзаев Мохьмад, Айсханов Шамсудди, Бадуев СаьIид, Мамакаев Мохьмад, Мамакаев Iаьрби, Ошаев Халид, Арсанов СаьIидбей, Музаев Нурдин, литература кхиорехь кхидIа къахьегна Гадаев Мохьмад-Селахь, Эдилов Хасмохьмад, Сулаев Мохьмад, Ахматова Раиса, Муталибов Зайнди, Хамидов Iабдулхьамид, Айдамиров Абузар, Мусаев Мохьмад, Гайсултанов Iумар, Окуев Шима, Арсанукаев Шайхи, Дикаев Мохьмад, Кибиев Мусбек, Гацаев СаьIид, Берсанов Хожа-Ахьмад, Махмаев Жамалди, Хасбулатов Ямлихан, Рашидов ШахIид, Шайхиев Iалвади, кхин а. Нохчийн меттан денца доьзна декъалдаран дош шайга кхачо хьакъ бу вайн заманан яздархой: Мамакаев Эдуард, Абдулаев Леча, Бексултанов Муса, Нунуев Сайд-Хьамзат, Дакаев СаьIидбек, Ахмадов Муса, Исмаилов Абу, Цуруев Шарип, Сайдуллаев Хьасан, Минкаилов Эльбрус, Айдамирова Машар, Сейлмуханов Муса, Ахматукаев Адам, дуккха а кхиберш.

ХIокху дезачу дийнахь дагалаца хьакъ ду нохчийн мотт толлуш, фольклор гульеш, нохчийн меттан, литературин учебникаш хIиттош, къахьегна Iилманчаш: Эльдерханов Таьштамир, Тазуев Шамсудди, Мациев Ахьмад, Эльмурзаев Сиражди, Арсаханов Исраил, Дешериев Юнус, Вагапов Якъуб, Эсхаджиев Якъуб, Чентиева Марем, Бибулатов Нурди, Карасаев Айсаш, Солтаханов Эльбек, Арсанукаев Iабдулла, Гиреев Ваха, Вагапова Тамара, Джамалханов Зайнди, Алироев ИбрахIим, Тимаев Ваха, Саламова Раиса. Тахана а мотт, литература талларан хьаьрмахь беркате къахьоьгуш бу: Чокаев Кати, Туркаев Хьасан, Навразова Хьава, Халидов Муса, Овхадов Муса, Вагапов Iаьрби, Джамбеков ШаIрани, Сулейбанова Маржан… Дела реза хуьлда оцу декъехь кьа мел хьоьгучу Iилманчина, меттан говзанчина. Диканехь-вонехь даима а халкъана юкъахь болчу Iеламнаха, шаьш маслаIатана буьйцучу маттаца, нохчийн маттахь бечу хьехамашца доккха маьIна леладо нохчийн мотт ларбарехь. Иштачарах ву Нохчийчоьнан Iеламнехан кхеташонан коьртехь волу Кадыров Хожа-Ахьмад-Хьаьжа, Нохчийчоьнан муфти Межиев Салахь-Хьаьжа, Iеламнах Шахидов Адам, Сайдулаев Хьамзат-Хьаьжа, Хабзиев Iаьрби, иштта кхиберш. 2000 гергга нохчийн меттан хьехархо ву вайн школашкахь хьанал къахьоьгуш. Тахана уггаре а хьалха шайга декъалдаран дош ала догIурш бу уьш. Дукха хилла царна юкъахь, тахана а бу шаьш-шайн ца кхоош, дешархошна мотт Iамош, марзбеш, къахьоьгурш: Абдурашитова Маьлхаьзни (Шелан кIошт, Шелара №9 йолу юккъера школа), Авдорханова Таиса (Нажи-Юьртан кIошт, Зандакъара юккъера школа), Абдуразаков Шертбек (Гуьмсан кIошт, Комсомольскера юккъера школа), Асхабов Iабдул-Iазиз (Гуьмсан кIошт, Нойбоьрара юккъера школа), Бамбатгериева Буку (Курчалойн кIошт, Майртуьпара №2 йолу школа), Гагалова Мединат (Гелдаганара №1 йолу школа), Исраилов Iабдул-Хьамид (Шелан кIошт, БелгIатой-Эвлара юккъера школа), Ибрагимова Забунат (Шелковскера №11 йолу гимнази), Хаджалиева Лайлаъ (Хьалха-МартантIера №6 йолу юккъера школа), Хамидов Мохьмад (Лаха-Неврера юккъера школа), Эстамирова Зоя (ТIехьа-МартантIера №4 йолу школа), Гайтукаева Зайнап (СоьлжаГIалара №29 йолу школа), Хитиев Салахь (Невран кIошт, Гал-ГIалара юккъера школа), Хачукаева Киса (СоьлжаГIалара №48 йолу юккъера школа), Идигова Лиза (Грозненски кIошт, Йоккхачу АтагIара №1 йолу юккъера школа). Мел лиъча а, тхо ларор дац массеран а цIераш яха. Оха даггара декъалбо нохчийн меттан берриге а хьехархой Нохчийн меттан денца. ГIиллакхна тIаьхьатеттинехь а, хIокху дийнахь вайн бицбан йиш йоцучарех бу нохчийн маттахь яздеш а, телерадиопередачаш еш а болу журналисташ. Нохчийн журналистикехь дика евза Магомаев Салавдин, Кагерманов Доккин, Магомаев Лечин, Дадаев Сайд-Хьасанан, Барзанукаев Ахьмадан, Сумбулатов Денин, Газиева Азин, Умхаев Хьамзатан, Бурчаев Хьаьлиман, Арсанукаев Мусан, Саралиева Табаркан, Эльдерханова Зайнапан, Даудов Нажмуддин, телерадиожурналистийн – Кусаев Iадизан, Эльмурзаева Розин, Баширов Сайд-Мохьмадан, Тухашев Хьамзатан, Исакова Маккин, Садаева Раисин, Муталаева Маликин, Музуева Элизин, дуккха а кхечеран цIераш.

«Орга», «СтелаIад» журналаша а, «Даймохк» газето а механа хазна юьллу нохчийн мотт ларбарна юкъа. Оха даггара декъалбо оцу изданийн берриге а белхахой, нохчийн маттахь яздеш болу берриге а журналисташ Нохчийн меттан денца! Нохчийн мотт баржорехь, марзбарехь маьIне бу Нохчийн театран актераша, ткъа иштта иллиалархоша, эшаршлакхархоша беш болу болх. Оцу декъехь уггаре а хьалха цIераш яха хьакъ бу актераш: Давлетмирзаев IабдулмутIелип, Гичаева Раиса, Джамаев Iимран, Азаев Хьамид, иллиалархой Межидов Сахьаб, Эбиев Илес, композитор Даудов Рамзан, йишлакхархой: Межиева Макка, Дадашева Тамара, дуккха а кхиберш. Вайна цкъа а вицлур вац Дагаев Валид, Омаев Дагун, Усманов Iимран, Эльмурзаев Бека. Къоман культура а, мотт а ларбарехь бIаьрла лар йитина цара. Нохчийн литература йовзийтарехь, делахь хIета, нохчийн исбаьхьаллин дош довзийтарехь боккха болх бо библиотекаша. Къасттина билгалъяккха догIу Нохчийн Республикин къоман библиотека, Республикин берийн библиотека, СоьлжаГIалин коьрта библиотека. Шайн белхан говзаллица нохчийн маттаца доьзна хIума а доцуш, амма цуьнан хиндолчух доглозуш, шайн ницкъ мел бу цунна орцахбуьйлуш нах хаало. Царах ву физикин-математикин Iилманийн доктор Дадашев Райком, физикин-математикин Iилманийн доктор Умархаджиев Салавди, медицинин Iилманийн доктор Берсанов Руслан, техникин Iилманийн доктор Курумов Джамалди, историн Iилманийн кандидат Магамадов Супьян, дуккха а кхиберш. Дела реза хуьлда царна! Амма уггаре а хьалха, вайх хIораннан а лерсане нохчийн маттахь аганан илли хазийтинчу вайн нанойн дезде ду иза. Ткъа доцца аьлча, оха юьххьехь билгал мадаккхара, Нохчийн меттан де вайн массеран а юкъара дезде ду. Оцу ойланехь вай хилахь, вайх хIора а, шен ницкъе, тароне хьаьжжина, сема хир ву цуьнан хьашташна, вай сий-пусар дийр ду и ларбарехь, баржорехь, Iаморехь дакъа мел долчун. ТIаккха иза бехар бу, вайн къоман барт, маршо ларъеш, нохчийн къам хиларан бIаьрла билгало хилла.

Хь.АБОЛХАНОВ



Нохчийн мотт бехар бу муьлххачу а хьолехь



Итон-Кхаьллан кIоштан школашкахь болх бен хьехархой-м кхин дукха а бац, 80-не а ца кхочу уьш, царна юккъехь а кIезиг бу нохчийн меттан, литературин хьехархой. Амма уьш мел кIезиг белахь а, къоначу тIаьхьенан, кегийрхойн ойланаш, синмехаллаш кхиорехь коьрта дакъа цаьргахь ду. Царах цхьаъ ю Итон-Кхаьллан юкъардешаран школин нохчийн меттан, литературин хьехархо Батукаева Зайдат. Шен урокаш лаккхарчу тIегIанехь дIахьо цо.Цул сов, муьлххачу а хенахь «йиллина» ю Зайдатан урок.

Вайн олуш ду-кх, школа шолгIа цIа ду, олий. Цунна доккха а тоьшаллаш ду. Ах де школехь даккхарал сов, цигахь бераша йоккху зама церан дахаре болу хьежамаш, вовшашца йолу уьйр-марзонаш, кхетам кхиорна тIехьажийна хуьлу. Цунах лаьцна иштта дийцира Зайдата:

–Республикин куьйгалло а боккхачу тидаме оьцу Нохчийн меттан де. Тхан коьрта Iалашо – и де дагахь лаьттар долччу кепара цунна кечамбар а, дIадахьар а ду. Лерина кечам бора оха оцу денна. Бераша юьйцура стихаш, олура иллеш, локхура эшарш, гойтура сценкаш. КIоштара ерриге а школаш а, кхитIе долчу дешаран учрежденеш а, культурин белхахой а кечамаш беш бу оцу гIуллакхна. Оцу дукхаллехь бIаьрла гIуллакх дан ларалора тхо. Таханлерчу дийнахь дуьненахь COVID-I9 ирча цамгар яржар бахьана долуш, школин хьехархой а, дешархой а шайн болх а, дешар а онлайн роже даьккхина къахьоьгуш бу. Вовшен гуш дацахь а, Нохчийн меттан Денца вовшийн декъалдеш, цхьацца гIуллакхаш кхочушдина оха а. ХIора дийнахь керл-керланиг тхуна а девза, оха тхайн дешархошна а довзуьйту. Дала мукъалахь вайгахь толам болуш дIадоьрзур дара хIара денош. Шеко йоцуш, кхачам боллуш дешархошка хаарш дIакхачош къахьоьгуш бу вайн школашкара хьехархой. Царалахь хьалхарниг ю Зайдат. Иза тешна ю, ун-бала хиларх, тIоммашар хиларх а, нохчийн мотт бехар бу муьлххачу а хьолехь.

Нохчийн меттан хьехархо Батукаева Зайдат а, цуьнан цIарах вайн берриге а хьехархой а, дешархой а декъалбо оха Нохчийн меттан Денца!

Т.САРАЛИЕВА

Нохчийн мотт

Вай атта дахар
Деле ца дехна,
Харцонах уьдуш,
Гечо ца лехна,
ВорхI ломал дехьара
ирс эшна дац.
Нохчийн мотт, хьо бацахь,
Тхо данне дац!

Даймахках лаьцна
Вай илли олу.
Вайнехан ийман
Цунах схьадолу.
Дайн иллеш ца декахь,
И Даймохк бац,
Нохчийн мотт, хьо бацахь,
Тхо данне дац!

Воккханиг хасто,
Жиманиг нисван,
Бакълуьйриг къасто,
ГIалаташ гечдан,
Къонахчун дош лардан
Ма атта дац.
Нохчийн мотт, хьо бацахь,
Тхо данне дац!

Вайн дахар хаздо,
Вайн ойла язйо
Бекачохь оьзда
Нохчийчун мотт!
Хиндолчух тешош,
ГIиллакхаш дебош,
Бека хьо даим,
Сан ненан мотт!

Iабдул-Хьамид ХАТУЕВ

Республикин Куьйгалхочун тІедиллар



кхочушдеш, КОВИД-19 ун-балина дуьхьало яран цхьа дакъа дІадаьхьира Итон-Кхаьллан кІоштан баккхалан туьканашкахь а, иштта цхьацца белхан меттигашкахь а дезинфекци ярца.

Хууш ма-хиллара, коронавирус баьрче а яькхина Іойла дац вайн. Цундела ма-хуьллу ларвала веза хІора а, хуьлда иза дийнахь мосуьйттаза сабанца юьхь-куьг дилар, тІера хІума хийцар, шен чохь а хьоршам-йовхар тухуш ларвалар, кхин а лоьраша магош дерг а.

Вайн динца догІу цІано ларъяр хилла ца Іаш, бахархойн хьашташна дІа ца къовлуш йисина туьканаш а ю шайн цхьа билггала агІо ларон езаш.

Цу дуьхьа шен-шен билгалайинчу хенахь, леринчу молханца дІацІанйо туьканийн чоьнаш, неІарийн тІемаш, адамийн кхерамазаллина оьшуш дерг дерриге а до кхузахь.

Иштта кху деношкахь а леринчу молханашца дезинфекци еш дІацІанйира кІоштан туьканаш а, цхьацца йолу белхан меттигаш. Билгаладаккха деза, иштта гІуллакхаш кхочушдар а республикин Куьйгалхочун тІедиллар кхочушдаран цхьа некъ бу.

Л.ИБРАГИМОВА

Онлайн дарсашкахь



БІаьстенан каникулаш юьйлалуш керланиг деара вайн школашка. Мокъа деношдІадевллачул тІаьхьа белхан меттигашка, берийн бешашка, школашка ара ца довлуш, дуьненна тІебоьссинчу унбалех ларлуш, чохь севцира вай. Амма дахар сецна дац. Иза дика хаало вайн доьзалшкахь, бераш дешарх хьадда дац, цара шайн хьехархошца онлайн-дарсашца болх бо. Оцу декъехь дешархошна «дика» делахь а, хьехархошна гІоьртина ду – даима а берийн бІаьргаш гуш, церан аьзнаш хезаш, хаттар-жоп дуьхь-дуьхьал долуш болх бан Іемина хиларна. Бакъдерг аьлча, хьехархошна а, дешархошна а аьттонна кхоьллина а, болх беш ю цхьацца сайташ. Царах «ЯКласс» сайтаца болх бо вайн районерачу хьехархоша. Берийн хаарш лакхадоху цуьнца болх баро. Берашна шайн белхан жамІаш девза «Топы» декъехь гойтучу баллаша. Уьш, лаккхара хилийтархьама, вовшашца яхье а дуьйлуш, болх бо дешархоша. И бахьана долуш дешаран учрежденехь классан рейтинг айло, тхьа махкахь школин рейтинг а. Цул сов и портал бахьана долуш дай-нанойн а таро ю шайн берийн хаарш талла.

Р.РИЗВАНОВ

Разъяснение порядка определения и отображения

в техническом плане контуров объектов капитального строительства

Росреестр письмом от 13.04.2020 № 3214-АБ/20 «Об определении контуров объектов недвижимости» разъясняет порядок определения и отображения в техническом плане контуров объектов капитального строительства.

Сообщается, в частности, что если отдельные конструкции (в том числе лестницы, колонны, арки, галереи, пандусы, балконы) являются конструктивными элементами (элементами строительных конструкций) здания, сооружения, объекта незавершенного строительства, в отношении которого проводятся кадастровые работы, и отображены в проектной документации (если ее подготовка осуществлялась), то проекции таких конструктивных элементов включаются в контур объекта недвижимости.

А.Л. ШАИПОВ
заместитель руководителя Управления Росреестра по ЧР

Оханан беттан сибат



Муьлхха а хІума дустарца девза. И бакъдерг кхин цкъа а тІечІагІдина кху дуьненна а тІебоьссинчу ун-балано. ТІедоьссинарг ун делахь а, вайн халкъалахь цунна «бала» боху дош а тІетуху. Шеко йоцуш, муьлхха а ун бала хилар дика девза вайн халкъана. Ала деза, муьлххачу а халонна а, балина а къера хилла кІелсовцуш цахилар а ду вайн къоман яхчаеллачу амалехь. Иза кхин цкъа а хаало хІара ун-бала тІебоьссинчу деношкахь.

Республикин Куьйгалхочун кхайкхамца, вайн бай баьлла лаьттина латтанаш юха ден дан буьйлабелла вайн махкахой. Царал тІаьхьа ца буьсу Итон-Кхаьллан кІоштара ламанхой а. Хууш ду, лахахь санна, кху лаьмнийн махкахь дуьйш-дерзочу лаьттан шорто цахилар. Амма кху тІаьххьарчу ткъех сов шерашкахь доцург, дуьйш-дерзош долу латта эрна ца Іиллина кхузахь а. Вайн баккхийчарна дика дагадогІу, вайн лаьтта тІехь санна мерза хьаьжкІаш а, картолаш а, кхоьш а ца кхиъна кхечу меттигашкахь.

Пачхьалкхан дІахІоттам хийцабаларо а, тІеман шераша а хера даьхна вай латтана. Мацах, цхьа дика доцуш, вон ца догІу баьхначунна а дайна, уьнах беркат а даьлла – вайх хІора шен беша, кха, керта хьажа ларавелла. Юкъараллех дІакъаьстина делахь а, кхачанах дІахада йиш цахиларе терра, вай дуьйладелла оханаш дан а, кхаш, керташ дІаен а, бешаш Іалашъян а. Иштта лаам болчу бахархошна гІонакъосталла дина Кадыров Ахьмад-Хьаьжин цІарахчу Регионални юкъараллин фондо. Царна дІаден ялтин а, хас-стоьмийн а хІуш делла. Дала сагІа дойла. Дала беркат дебадойла.

С.АСТАМИРОВА

Сан ненан доІа

Бераллехь хетара эрна
Ца кхеташ хиларна со.
Чохь дисча, некъаш а хьадда,
Хьох дага волу-кх со.

Юх-юха хеза хьан доІа,
Деле ахь доьхура вай.
Евзара хІара зама хьуна,
Я иштта яра хІара даим?

Я АллахІ, гечдехьа сан синна-дегІана.
Ца оьшучу левзинчу когана,
Ца оьшучу кхевдинчу куьйгана,
Ца оьшуш аьллачу дашна.

Ца оьшучохь лебинчу маттана,
Ца оьшучу хьаьжийначу бІаьрсина,
Ца оьшург хезначу лерсина,
Ца оьшуш йиначу ойланна.

Я АллахІ, тІеман балех лардехьа тхо,
Шелонах, мацаллех, къоьллех,
Лан амал доцучу йовхонах,
Лардехьа лазаран ун-балех.

Лардехьа цІера-мохан балех,
Йочанаш совъевлла, хиш дестарах а,
ХІордаш тІедийларах, мохкбегорах,
Латтанаш дакъадаларан балех а.

Дехьа тхо Хьо везаш, Хьайна дезаш,
Бусалба нехан барт цхьаъ беш.
Паччахьашна юккъехь машар беш.
Хьаналчун тІенисдеш, хьарамчух лардеш.

Сан доьзал чІагІбехьа ийманехь,
я АллахІ,
Пурба луш кхочушдан Хьайн фарзаш.
Лардехьа йилбазех, нах буучу нахах.
Декъалде дуьненахь-эхартахь.

Ненан куьйгаш



Сан агІо ма чІогІа шелбелла,
Шийла бу со вуьжу мотт.
Стенгахь ю сан нана хІинца,
Вайн хІусам яссий-кха ахь.

ТІегІерта йишина, вешина,
Хьан амат карадац цаьргахь,
Хьан озе сатуьйсуш, и хаза,
ЛадегІа гІелвелла со.

Сахиллалц, барташ а дохуш,
Ховхачу куьйгашца хьостуш,
«Декъала хила сан кІорни хьо», –
Ца хеза сан лерехь кхин.

Ойлано Іехаво хІинца,
Сан лере кхочу хьан аз.
Елара хьо тохара санна,
Дов деш, я чехош со:

Ламазан хан хилла вайна,
Хьан ловзарш чекхдовлуш дац,
Мичахь ву, хьо стенгахь лела,
ДІахІоттал, хІай кІант, хьо хІай.

Хьох хьерча сан мерза ойла,
ХІинца а Іехавеш со.
Вуьгуш хьан аьхначу йовхоне,
Іехавеш, хазйо сан хан.

Я АллахІ, юхалистахь деноша,
Хьарчийтахь сайн ненан мара,
Хестийтахь со ненан куьйгашка,
Дахийташ ца кІордош барташ…

Хеда МАХМУДОВА

Газета «Ведучи»
Главный редактор
Т.А.САРАЛИЕВА
Газета освещает события, происходящие в Итум-Калинском муниципальном районе Чеченской Республики

Учредитель: Администрация Итум-Калинского муниципального района
Адрес учредителя/издателя: 366404, Чеченская Республика, Итум-Калинский район, с.Итум-Кали, ул. А-Х.Кадырова, д.14
Газета выходит 4 раза в месяц

Газета зарегистрирована Управлением федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Чеченской Республике.
Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 20-00074 от 01 февраля 2013 г.

Газета набрана и сверстана на компьютерной базе редакции газеты "Ведучи".
Адрес редакции: 364014, ЧР, г. Грозный, ул.Н.А.Назарбаева, 92
тел.: 8 (938) 893-04-10

Отпечатана в ФГУП ИПК "Грозненский рабочий" Адрес: г.Грозный, ул.Интернациональная, 12/35
Подписано в печать: 23. 04. 2020. по графику в 18.00, по факту в 16. 00
Тираж - 1000 экз. Заказ №